# SÓYLEWI TOLÍQ RAWAJLANBAǴAN BALALARDÍŃ BAYLANÍSLÍ SÓYLEWIN QARAQALPAQ XALÍQ ERTEKLERI ARQALÍ RAWAJLANDÍRÍW

**S.Y.Shakirova** – *assistent oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq instituti*

**Tayanch so'zlar:** nevrologiya, psixologiya, mexanizm, fiziologiya, ertak, leksik, grammatik, agrammatizm.
**Ключевые слова:** неврология, психология, механизм, физиология, сказка, лексический, грамматический, аграмматизм.
**Key words:** neurology, psychology, mechanism, physiology, fairy tale, lexical, grammatical, agrammatism.

**Kirisiw.** Házirgi kúnde mámleketimizde sóylewinde kemshiligi bolǵan balalar menen alıp barılatuǵın korrekciyalıq-pedagogikalıq hám tárbiyalıq isler alıp barıwda úlken itibar qaratılmaqta. Balalardaǵı sóylew kemshilikleriniń óz waqtında aldın alıw nevrologiyalıq, psixologiyalıq keselliklerdiń aldın alıwdan baslanadı. Insan sóylewi túsinikli hám mánili bolıwı ushın sóylew aǵzalarınıń háreketleri anıq hám durıs bolıwı kerek. Sóylewdiń normal iskerliginde psixologiyalıq, fiziologiyalıq mexanizmleri saqlanǵan boladı. Sóylew buzılıwları balanıń belgili bir til ortalıǵında qabıl etilgen sóylew iskerligi normal jaǵdayda isleytuǵın psixofiziologiyalıq mexanizmleriniń ázzilesiwine baylanıslı til normalarınıń buzılıwları menen belgilenedi.

**Talqilaw hám analiz**. Baylanıslı sóylew – bul predmet mazmunın barlıq áhmiyetli táreplerin sáwlelendirip beriw esaplanadı. Sóylew eki sebep penen baylanıspawı múmkin: sóylewshi pikirin analiz ete almasa hám sóylewdiń tolıq berilmewi menen (atlıq, kelbetlik, feyil) lerdiń óz ornında qollanbawı menen. Sóylewi tolıq rawajlanbaǵan balalarda sóylewdiń kesh payda bolıwı, sózlik qorınıń jetispewshiligi, agrammatizm, seslerdi aytıwdaǵı kemshilikler, gáplerde baylanıslı sóylewdiń rawajlanbaǵanlıǵı gúzetiledi. Sóylewdiń tolıq rawajlanbaǵanlıǵı túsinigi bala sóylewiniń anıq jaǵdayınan kelip shıqqan halda óziniń etiologiyası boyınsha sóylew rawajlanbaǵanlıǵınıń hár qıylı kórinislerinde pedagogikalıq jantasıw imkaniyatı haqqındaǵı zamanagóy kóz-qaraslarǵa tiykaralanadı. Sóylewi tolıq rawajlanabaǵan balalardıń bayalanıslı sóylewin rawajlandırıwda qaraqalpaq xalıq erterkleri júdá áhmiyetli esaplanadı. Sebebi ertekler izbe-izlik saqlanǵan bir waqıyadan soń izbe-izlikte dawam etip ketedi. Mektepke shekemgi jastaǵı balalar ertek esitiwdi júdá jaqsı kóredi. Sonlıqtan bul balalarǵa qayta-qayta ertekler oqıp beriwimiz kerek boladı. Ertekler balalardıń sóylewin rawajlandırıp qalmastan, balalardı tárbiyalawǵa da úlken járdem beredi. Qaraqalpaq xalıq erteklerinen mısal etip " Túlki hám qoraz", "Ǵarǵa hám shegirtke", "Aqıllı otınshı", "Dáw menen bala", "Duzaqshı ǵarrı", "Jigit hám qarlıǵash", "Iyttiń nesiybesi", "Arzıw ármanına jetken jigit", Aqıllı serke hám aqmaq arıslan", "Jetim bala", "Maqtanshaq tıshqan", "Jolbarıs hám jol gezgen eshek" hám basqa da kóplegen erteklerdi alsaq boladı. Hár bir ertekti oqıp beriw arqalı biz balalarda olardıń baylanıslı sóylewin rawajlandırıp baramız. Ertekler balalarda óz pikirin izbe-izlikte anıq jetkerip beriwge úyrenedi. Balalardıń sózlik baylıǵı artadı, antonim, sinonim sózlerdi bir-birinen parıqlawǵa járdem beredi. Balalarda sonday-aq diaolog hám monolog sóylewdi rawajlandıradı.

Dialog sóylew bul eki yaki onnan kóp adamnıń óz-ara sóylesiwi. Monolog sóylew bolsa bir adamnıń óziniń túsinigin aytıp beriwi bolıp tabıladı. Eń dáslep balada dialog sóylew qáliplesip baslaydı. Sebebi sóylew bala tuwılǵannan úlkenlerge átiraptaǵı jaqınlarına qaray eliklewi nátiyjesinde payda boladı. Dialog sóylew balada 2 jastan baslap rawajlanadı.

Monolog sóylew bolsa 5-6 jastan baslap qáliplesip baslaydı. Monolog sóylewdi rawajlandırıwda erteklerdiń áhmiyeti júdá úlken. Sebebi bala úlkenlerden esitken erteklerin aytıp beriwge háreket etedi. Waqıyalardı izbe-izlikte aytıp beredi. Óziniń pikirin bayan etedi. Bul arqalı balalarda sóylewdiń leksikalıq-grammatikalıq tárepi rawajlandı. Balalardı erkin pikirlew, óz pikirin bayan etiw arqalı baylanıslı sóylewdi rawajlandıra alamız. Qaraqalpaq xalıq erteklerinde kóbinese dialog sóylesiw berilgen boladı. yaǵnıy ertek qaharmanlarınıń bir-biri menen sáwbetlesiwi berilgen. Bul arqalı balanıń dialog sóylesiwi rawajlanatuǵın bolsa, erteklerdi aytıp beriwi arqalı bolsa balalarda monolog sóylew rawajlanıp baradı.

**Metodologiya hám ádebiyatlar analizi.**

**Sóylewdiń tolıq rawajlanbaǵanlıǵı** – bul normal intellekt hám esitiw qábiletine iye bolǵan balalarda sóylewdiń barlıq komponentleri (fonetikalıq-fonematikalıq tárepi, leksikalıq quramı, grammatikalıq dúzilisi) qáliplesiwiniń buzılıwı menen xarakterlenetuǵın til kemshiligi.

Sóylewi tolıq rawajlanbaǵan balalar normal rawajlanıp atırǵan teńleslerinen tómendegi ózgeshelikler menen ajıralıp turadı:

- anıq agrammatizm sebepli sóylew basqalar ushın túsiniksiz boladı;
- birinshi sózlerdiń, ápiwayı gáplerdiń kesh payda bolıwı;
- fonemanı qáliplestiriw hám seslerdi aytıwdaǵı kemshilikler;
- impressiv hám ańlatpalı sóylewde normal rawajlanıp atırǵan balalardan arqada qalıw;
- sóylew aktivliginiń jeterli emesligi, jas talaplarına mas kelmeydi.

T.B.Filichevanıń sózlerine kóre, sóylew iskerliginiń tómenligi sezimlik, intellektuallıq, affektiv-erkli tarawdıń rawajlanıwda iz qaldıradı. Sóylewi tolıq rawajlanbaǵan balalar normal rawajlanıwdaǵı balalarǵa salıstırǵanda dıqqatı turaqsız, este saqlaw qábileti sheklengen, iskerligi tómen boladı.

Sóylewi tolıq rawajlanbaǵan balalar ushın 3-4 basqıshlı awızsha kórsetpeler, wazıypalardı orınlaw izbe-izligin eslep qalıw qıyın. Eń hálsiz balalarda eslew aktivligi tómen, kóbinese kognitiv iskerlikti rawajlandırıwdıń sheklengen múmkinshilikleri menen birlestiriledi.

Sóylewdiń tolıq rawajlanbaǵanlıǵı tildiń sóz baylıǵı hàm grammatik dúzilisiniń ózine tánligi R.E.Levina, V.K.Orfinskaya,N.N.Traugoott, S.N.Shaxovskaya, V.K.Borobeva, B.M.Grinushpin, L.F.Spirova, N.A.Nikashina, G.I.Gorenkova, T.B.Filicheva, G.BChirkina, A.V.Yastrebova, E.F.Sobotovich, V.A.Kavshikova hàm basqa alımlardıń ilim izertlew islerinde talıqlanadı [3].

R.E.Levina mektepke shekemgi jastaǵı balalarda sóylewi tolıq rawajlanbaǵanlıǵın úsh dáreje menen belgileydi: sóylewde baylanıs qurallarınıń ulıwma joq bolıwınan baslap, fonetikalıq-fonematikalıq hám leksikalıq-grammatikalıq jaqtan rawajlanbaǵanlıq belgileri bolǵan sóylew buzılıwına shekem [3].

**Sóylewi tolıq rawajlanbaǵanlıǵınıń I-dárejesi** sóylewdiń bolmawı menen xarakterlenedi. 4-6 jastaǵı balalardıń sóz baylıǵı az bolıp, anıq emes aytılatuǵın kúndelikli sózlerden ibarat. Seslerge eliklew, sesler kompleksi menen shegaralanǵan boladı. Nárse hám hádiyselerdi parıqlamaǵan halda ańlatıw, sózlerdiń kóp mánige iye bolıwı xarakterli ózgeshelik esaplanadı. Mısalı "tu-tu" – mashina, paravoz, samolyot, qayıq; "taq" – jıǵıldı, túsirip jiberdi, sındırdı, buzdı. Bul balalardıń passiv sóz baylıǵı aktiv sóz baylıǵına qaraǵanda biraz kóbirek lekin sózlerdi túsiniw páseygen boladı, olar kóp sózlerdiń mánisin túsinbeydi. Sesler aytılıwında turaqlılıq bolmaydı, sesler bir-biri menen almastırıladı, fonematikalıq oqıw buzılǵan boladı. Sóylewi tolıq rawajlanbaǵanlıǵınıń bul dárejesine iye bolǵan balalar ushın sesler analizi boyınsha berilgen tapsırmalar túsiniksiz boladı.

Biraq G.I.Gryevkova (1967) tárepinen alıp barılǵan izertlewler sóylewdiń tolıq rawajlanbaǵanlıǵınıń bul dárejesinde balalar sóylewiniń impressiv tárepiniń sheklengenligin kórsetedi [1].

**Sóylew tolıq rawajlanbaǵanlıǵınıń II-dárejesi** dáslepki kóp qollanılatuǵın ádetdegi sóylewdiń bolıwı menen xarakterlenedi. Balalar ápiwayı gáplerden paydalanıp biledi, belgili sóz baylıǵına iye boladı. Olar predmetler, hádiyselerdiń óz aldına belgilerin ajırata aladı. Lekin bunday balalarda sóylewdiń qopal dárejede rawajlanbaǵanlıǵı ayqın kórinedi. Olar eki-úsh sózden ibarat gáplerden paydalanadı. Sózlik baylıǵı sol jasqa qaraǵanda normadan kem boladı. Ulıwmalastıratuǵın sózlerdi (dene aǵzaların, haywanlar, mebel, kiyim, palız ónimleri, miyweler, kásip atların ) mazmunın bilmeydi. Háreket belgisin bildiriwshi sózlerden paydalanıwda qıyınshılıqlar gúzetildi, predmet atın, onıń forması, kólemi hám basqa belgilerin bilmeydi, mánisi jaqın sózlerdi almastıradı.

**Sóylew tolıq rawajlanbaǵanlıǵınıń III-dárejesi** — sóylewde leksikalıq grammatikalıq hám fonetika - fonematikalıq tárepten rawajlanbaǵanlıq elementleri gúzetiledi. Balalar sóylewge iye bolǵan halda insanlar menen baylanıs ornata aladı, lekin bunı ata-anası (tárbiyashı) qatnasında, olardıń arnawlı bir túsindiriwleri járdeminde orınlaydı. Bunday balalar ushın erkin halda baylanıs ornatıw júdá qıyın. Seslerdi aytıwda olardı bir-birinen ajırata almaw, artikulyaciya tàrepten uqsas seslerdi almastırıw, ayırım jaǵdaylarda seslerdi buzıp aytıw bul balalar ushın xarakterli ózgeshelik bolıp tabıladı. Sóz baylıǵı normadan artta qalǵan boladı, sóz baylıǵı analizinde leksikalıq qátelerdiń ózine tánligi kórinedi. Tekseriwde gáplerdi, gáplerde sózlerdi aqırına shekem ayta almaw sıyaqlı turaqlı gramatikalıq qáteler gúzetiledi. Kópshilik jaǵdaylarda olar qosımta qosılıwı menen sóz mánisiniń ózgeriwin túsinip jetpeydi [2].

**Juwmaq.** Demek qaraqalpaq xalıq ertekleri balalarda tek sóylewdi rawajlandırıp qoymastan olardı tárbiyalawda da úlken áhmiyetke iye. Dana xalqımızda "Ertekler jaqsılıqqa jeteler" degen gáp bar. Ertekler balalardı jaqsılıqqa da úyretedi. Sol sebepli balalarǵa ata-analar kóbirek ertek oqıp beriwleri kerek. Qaraqalpaq xalıq ertekleri balalardıń baylanıslı sóylewin rawajlandırıp qoymastan balalarda watansúyiwshilik, milliylikti úyretiwge de járdem beredi. Sonıń menen birge házirgi kúnde gadjet texnologiyaları rawajlanǵanlıǵı sebepli balalarda sóylewdiń keshigiw jaǵdayları kóp ushramaqta. 3 jasqa shekemgi bolǵan bolǵan dáwirde balalarǵa gadjet texnologiyalarınan paydalanıwdı sheklew kerek boladı. Gadjet texnologiyalarınan paydalanıw ornına balalarǵa ata-analar balalarǵa kóbirek ertekler oqıw beriwi zárúr. Házirgi kúnde ertek kitaplarda balalarda qızıǵıwshılıqtı oyatıw maqsetinde hár qıylı yaǵnıy 3D formatında da islep shıǵılǵan. Bul kitaplarda jarqın reńlerden paydalanılǵan bolıp balanıń itibarın ózine tartadı. Sonlıqtan balalardıń sóylew tili, psixologiyalıq procesleri, aqılıy qábileti, kognitiv rawajlanıwı normada bolıwı ushın biz erteklerden paydalanıwımız kerek boladı.

**Ádebiyatlar**


1. Ayupova M.Y. Logopediya. – Toshkent: " O'zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti", 2019.
2. Mo'minova L.R. Rivojlanishida nuqsoni bo'lgan bolalar diagnostikasi. –Toshkent: "Adabiyot uchqunlari", 2019.
3. Рудакова Н.П. Общее недоразвитие речи у дошкольников. –Благовещенск: "Издательство БГПУ", 2013



**REZYUME.** Bu maqolada qoraqalpoq xalq ertaklarining nutqi to'liq rivojlanmagan bolalarda bog'langan nutqini rivojlantirishda ahamiyati va nutqi to'liq rivojlanmagan bolalar nutqining o'ziga xos xususiyatlari haqida so'z etilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье говорится о значении каракалпакских народных сказок в развитии связанной речи у детей с общее недоразвитие речи и об особенностях речи детей с общее недоразвитие речи.

**SUMMARY.** This article discusses the importance of Karakalpak folk tales in the development of coherent speech in children with general speech underdevelopment and the speech characteristics of children with connected speech underdevelopment.